



**Haitian Creole Edition**  
**Grade 5 Mathematics Test, Book 2**  
**March 2–6, 2009**

**Pwogram Egzamen Eta Nouyòk**  
**Egzamen Matematik**  
**Liv 2**

Ane **5**

**2–6 mas 2009**

**Non** \_\_\_\_\_



Developed and published under contract with the New York State Education Department by CTB/McGraw-Hill LLC, a subsidiary of The McGraw-Hill Companies, Inc., 20 Ryan Ranch Road, Monterey, California 93940-5703. Copyright © 2009 by the New York State Education Department. Permission is hereby granted for school administrators and educators to reproduce these materials, located online at <http://www.emsc.nysed.gov/osa>, in the quantities necessary for their school's use, but not for sale, provided copyright notices are retained as they appear in these publications. This permission does not apply to distribution of these materials, electronically or by other means, other than for school use.

## TRIK POU FÈ EGZAMEN AN

Men kèk sijesyon pou ede ou bay pi bon rannman:

- Asire ou li avèk atansyon tout enstriksyon ki nan tiliv egzamen an.
- Li chak kesyon avèk atansyon epi reflechi sou repons lan anvan ou ekri repons ou.
- Asire ou montre travay ou lè yo mande ou pou fè sa. Ou ka resevwa yon pati nan kredi a si ou montre travay ou.



Pòtre sa a vle di ou pral sèvi avèk règ ou.




Pòtre sa a vle di ou pral sèvi avèk rapòtè ou.



27

Malik trase de triyang ki anba a. Li mande Zoe pou l kalkile, san l pa itilize yon rapòtè, mezi pou  $\angle P$  ak pou  $\angle J$ .



[pa trase selon echèl la]

Ki mezi Zoe ta dwe ekri pou  $\angle P$  ak pou  $\angle J$ ?

**Montre travay ou.**

**Repons**  $\angle P$  \_\_\_\_\_ degre

$\angle J$  \_\_\_\_\_ degre

***Kontinye***

Kenny al nan poz repa midi e li kòmande manje l nan meni yo montre pi ba a. Tout pri yo gen taks enkli ladan yo.

### MENI

Sandwitch ak Akonpayman	Pri
Bègè olegim	\$5,95
Anbègè ak fwomaj	\$6,95
Anbègè ak fwomaj double	\$8,95
Salad sou kote	\$2,50
Salad pòm detè	\$1,50
Pòm detè fri	\$1,50

Kenny te kòmande yon anbègè ak fwomaj, yon salad sou kote, ak pòm detè fri. Li te peye pou repa li a ak yon biyè \$20. Konbyen kòb monnen yo te remèt Kenny?

**Montre travay ou.**


**Repons** \$ \_\_\_\_\_

29



Sèvi ak rapòtè ou pou ede ou rezoud pwoblèm sa a.

Ella te trase  $\angle T$ , jan yo montre l anba a.



**Pati A**

Ki mezi  $\angle T$ ?


**Repons** \_\_\_\_\_ degre

**Pati B**

Nan espas ki pi ba a, trase yon ang ak yon mezi ki defwa dimansyon  $\angle T$ .

***Kontinye***

**30** Edwin te trase modèl repete ki anba a.



Nan espas ki anba a, trase 8yèm, 9yèm ak 10yèm figi nan modèl la.



**31**




Sèvi ak règ ou pou ede ou rezoud pwoblèm sa a.



Sèvi ak rapòtè ou pou ede ou rezoud pwoblèm sa a.

**Pati A**

Pwofesè Gail la te mande l pou idantifye de pwopriyete kwadrilatè ki pi ba a.



[pa trase selon echèl la]

Sou liy ki anba yo, konplete deklarasyon Gail fè yo sou kwadrilatè a.

Kwadrilatè sa a gen egzakteman \_\_\_\_\_ ang dwa.

Kwadrilatè sa a gen egzakteman \_\_\_\_\_ kote opoze paralèl.

**Pati B**

Pwofesè Shelby a te mande l pou l trase yon figi ki gen pwopriyete ki make anba yo:


- Se yon kwadrilatè.
- Gen de pè kote opoze paralèl.
- Kote opoze paralèl yo gen menm longè.
- Tout ang yo mezire menm degre.

Nan espas ki anba a, trase figi Shelby a.

***Kontinye***

32

Nan lendi, RPU Racing Company te resevwa bwat ki gen nouvo pyès pou youn nan machin kous li yo. Nonb ki anba yo montre longè, pyès yo an santimèt.



**Pati A**

Ekri longè chak nan pyès machin yo, awondi a santymè ki pi pre a.


**Repons** \_\_\_\_\_ santimèt

\_\_\_\_\_ santimèt

\_\_\_\_\_ santimèt

**Pati B**

Nan madi, RPU Racing Company te resevwa bwat ki gen nouvo pyès pou youn lòt machin. Nonb ki anba yo montre longè, an santimèt, pyès yo.



Ekri mezi pyès machin sa yo, annòd de **pi piti** jouk rive **pi gran**.

**Pi piti** \_\_\_\_\_ santimèt

\_\_\_\_\_ santimèt

**Pi gran** \_\_\_\_\_ santimèt

Sou liy ki anba yo, eksplike fason ou te jwenn repons ou.

---

---

---

---


---

---

***Kontinye***

**33**

Sheri ap dirije eskisyon sou bato pou obsève balèn. Graf ki anba a montre kantite pasaje ki nan senk nan eskisyon yo pou yon jou.



***Pati A***

Objektif Sheri se pou l gen 380 pasaje chak jou. Konbyen pasaje yo bezwen pou eskisyon 3è00 a pou Sheri ka atenn objektif li a?

***Montre travay ou.***

***Repons*** \_\_\_\_\_ pasaje

**Pati B**

Itilize done ki nan graf la pou esplike si Sheri gen anpil chans pou l atenn objektif li a.

---

---

---

---


---

---

***Kontinye***

34

Perimèt rektang yo montre anba a se 26 pye. Yon kote rektang lan mezire 8 pye. Make mezi yo, an pye, pou twa kote rektang ki rete yo.



[pa trase selon echèl la]

Nan espas anba a, itilize mo, nonb, oswa senbòl pou esplike oswa pou montre kouman w te detèmine ki nonb pou itilize yo pou make kote yo nan rektang lan.

**RETE LA**



---

---

Place Student Label Here



**Ane 5**  
**Egzamen Matematik**  
**Liv 2**  
**2–6 mas 2009**

**Grade 5**  
**Mathematics Test**  
**Book 2**  
**March 2–6, 2009**